

# Kesyonè pou fen ane lekòl 2022-23 a pou Fanmi ak moun k ap bay swen

## Yon mesaj pou fanmi/moun k ap bay swen:

Kesyonè fen ane sa a pral ede pitit ou a fè tranzisyon nan yon nouvo kominote salklas ane pwochen. Ou gen enfòmasyon enpòtan sou pitit ou a kòm premye pwofesè l ak pi bon defansè l. **Lè w ranpli fòm sa a, nou ankouraje w kenbe kesyonè sa a ak pataje enfòmasyon sa yo avèk pwochen ekip k ap anseye pitit ou a.** Sa ka ranfòse eksperyans aprantisaj pitit ou a ak kolaborasyon w nan edikasyon pitit ou a. Plis ekip pwofesè pitit ou a konnen pitit ou a ak fanmi w, se pi byen li pral ka sipòte l ak devlope bon jan relasyon solid avèk ou.

Nou mete nan kesyonè a yon mesaj pou pwochen ekip k ap anseye pitit ou a pou bay plis enfòmasyon sou fòm sa a. Tanpri pa ezite sote nenpòt kesyon w pa santi w alèz pou reponn.

## A Note to Future Teaching Teams:

Below you will find information from families about their child's 2022-23 school year. This document provides families/caregivers with an opportunity to share with you information about their child, their favorite things about the 2022-23 school year, and their hopes and aspirations for their child's learning and development for the 2023-24 school year.

Building trusting relationships with families begin with getting to know their children. Young children learn in the context of relationships with trusted adults. The responses in this questionnaire are a way to start building those relationships, both with children and families. As we know, families are children's first teachers and the experts on their children. The information they provide can be used alongside other beginning of the year documents at your school, including "getting to know you" surveys, to help you and your teaching team create welcoming, respectful partnerships with families and lay a strong foundation for learning throughout the year.

## Kesyonè sou fanmi/moun k ap bay swen

PREMYE PATI: Osijè pitit ou a

Non w:

Non timoun lan :

Dat nesans timoun lan:

1. Kijan pitit ou a prefere yo rele l?
  - Kisa w ta renmen yon pwofesè konnen sou non pitit ou a?
2. Nan ki lang pitit ou a kominike san pwoblèm?
3. Ki non pwogram debitan pitit ou a te ale pandan ane lekòl 2022-2023 an?
4. Tanpri bay twa mo ki dekri pitit ou a!
5. Ki kèk bagay ou renmen anpil nan pitit ou a?
  - 
  - 
  -
6. Kiyès nan bagay sa yo pitit ou a pi renmen fè (paegzanp: desine, li istwa, jwet fè sanblan, jwe deyò, chante ti chanson, danse, jwèt degizman)?
7. Eske pitit ou a gen yon jwèt oswa yon nounous li pi renmen? Wi    Non  
Si wi, kisa l ye?
8. Kisa w remake pitit ou an pi renmen ak mwens renmen nan pwogram debitan an? (Pa egzanp: tan repo, lakou rekreyasyon, li awotvwa)?
  - Li pi renmen:
  
  - Li pi pa renmen:

9. Eske pitit ou a ap bezwen èd nan bagay sa yo? Tanpri dekri tout sipò li bezwen epi dekri nenpòt sipò fizik, emosyonèl, konpòtman oswa aprantisaj ki pral bon pou pitit ou a pandan ane lekòl la ap pwogrese.

<b>Aktivite</b>	<b>Bezwen èd</b>	<b>Remak</b>
Ale nan twalèt	Wi/ Non	Remak:
Fè syès	Wi/ Non	Remak:
Alèji (tankou alèji ak manje)	Wi/ Non	Remak:
Mete rad sou li	Wi/ Non	Remak:
Lòt mwayen (tanpri eksplike)		Remak:

10. Tanpri fè nou konnen nenpòt lòt bagay sou pitit ou a ki pral ede pwochen ekip anseyan an pote atansyon sou li avèk efikasite:

## DEZYÈM PATI: Konsènan Fanmi w

11. Nan ki lang ou prefere kominike?
  
12. Kiyès aktivite oumenm ak fanmi w renmen fè ansanm (paegzanp: ale nan pak la, gade yon fim, li ansanm, kwit manje ansanm, fè lòt bagay)?
  
13. Èske gen tradisyon enpòtan pou fanmi w? Si wi, kiyès ? Ki tradisyon, koutim oswa objè kiltirèl ou ta renmen pataje pwochen ane lekòl la?
  
14. Èske pitit ou a gen frè/sè ? Si wi, ki non ak laj yo?
  
15. Ki espwa ak rèv ou genyen pou aprantisaj ak devlopman pitit ou a pou ane lekòl 2023-24 a?
  
16. Èske gen okenn lòt bagay ou ta renmen pataje osijè fanmi w?

*Mèsi poutèt ou ede nou aprann plis sou fanmi w!*